



# MIKWOGRIY KOMINOTÈ YO

Kijan yon mikwogriy kominotè  
enèji pwòp kapab ede Pò a?





# Preparasyon pou Klima a


Li nesesè pou gen kouran ki fyab pou sèvis esansyèl yo, ki gen ladann chèltè pou ijans yo.

Sèvis entènèt ak telefòn nesesè tou.

# Ekonomi

Bòdwo elektrisite w  
ta dwe pi ba!


Amelyorasyon yo  
nan efikasite enèjetik  
bese kantite kouran  
ou itilize, sa ki  
ekonomize w lajan.




# Enèji pwòp

Mikwogriy la sèvi ak pano solè, akimilate ansanm ak lòt teknoloji ki pwòp toujou.


Sa ede reyalize objektif Cambridge yo pou elimine emisyon yo, redwi polisyon epi pwomouvwa enèji pwòp pou tout moun.




**Ponp Chalè**



**Pano sole**



**Akimilate**





# Sante piblik



Gen yon rezon kifè yo rele sa enèji PWÒP! Lè yo itilize pano solè ak akimilatè, sa amelyore kalite lè a.


Lè ki pi sen = moun ki pi an sante ak mwens ka opresyon ak maladi kè.





# Djòb lokal yo

Mikwogriy Pò a ka sipòte  
opòtinite fòmasyon enèji  
renouvlab pou manm  
kominote a.



# Kominote a nan Sant la

Nou vle ede kominote The Port planifye yon avni enèji ki pwòp.

Pwopriyte kolektiv fè pati de yon tranzisyon enèji pwòp ki anrasine nan lajistis.





**Gen anpil, anpil benefis  
pou gen yon mikwogriy  
kominotè enèji pwòp!**

